ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№84 (23.742) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкiэ и министрымрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ псыдзэр зэран зыхуэхъуа щIыпIэхэм щыIащ. Абыхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкIащ Правительствэм, Iуэхум егъэщIылIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ



**Лэжьыгъэ Iуэхукiэ Къэбрдей-Балъкъэрым къэкIуащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкiэ и министр Чеботарев Сергей. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий щIыгъуу абы къилъэтыхьащ республикэм и щIыналъэм щыщу псыдзэм зэран нэхъыбэ къыщихьа щIыпIэхэр.**

КЪЫЗЭРЫМЫКIУЭ щытыкIэм и хабзэр щагъэува щIыпIэм щыIэ щытыкIэм нэгъэсауэ щыгъуазэ защIа икIи зэхэкъутэныгъэ псори зрагъэлъэгъуа нэужь абыхэм ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм, Iуэхум егъэщIылIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ.

Чеботарев С. В. къыхигъэщхьэхукIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и органхэм къапэщыта Iуэху мытыншхэр дэгъэкIыным къаруушхуэ зэрырахьэлIам и фIыщIэкIэ щытыкIэр зэман кIэщIым къриубыдэу зэтеувэжу зэрыхуежьар. «Дэ псори иджыпсту дрикIуащ Iуащхьэмахуэ курортым ухуэзышэ федеральнэ гъуэгум. Курортым икъукIэ турист куэд щыIэщ икIи абыхэм шынагъуэншэу загъэпсэху. КIуэкIуэ Юрий зи пашэ штабым хузэфIэкIащ къызэрымыкIуэ щытыкIэм и зэранығъэхэр игъэмэщIэн. Иджыпсту дэ ди къалэнщ районым и псэукIэр нэгъэсауэ зэтедгъэувэжыну. МахуитI япэкIэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Матовников Сергей тщIыгъуу дытепсэлъыхьауэ щытащ псыр къызэриуам къыдэкIуа гугъуехьхэм. Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым иджыпсту езыр и щхьэкIэ кIэлъоплъ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Мутко Виталий. Гузэвэгъуэм къихьа зэхэкъутэныгъэхэр нэгъэсауэ дгъэзэкIуэжын, апхуэдэ дяпэкIэ къэдгъэмыгъэхъун папщIэ дэ адэкIэ инфраструктурэр дгъэбыдэну, псы Iуфэхэр зыхуей хуэдгъэзэну къытпэщытщ. Апхуэдэ Iуэхухэм лъэныкъуэ псори къэлъытауэ бгъэдыхьэпхъэщ», - жиIащ министрым.

КIуэкIуэ Юрий зэрыжиIамкIэ, дунейм и щытыкIэнур къэплъытэмэ, адэкIи гугъуехьхэр щыIэнкIэ хъунущ. Псори зэтезыкъутэ псыдзэхэр гъэ къэс къох. Дуней псом зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр зэрыщыIэр къэплъытэмэ, адэкIэ дызыхуэкIуэнкIэ хъунухэр тэмэму къэлъытапхъэщ икIи абыхэм япкъ иткIэ цIыхухэр гузэвэгъуэ хэмыгъэхуэным пыщIа Iуэхухэм нэхъ кууэ егупсысын хуейщ. Iуащхьэмахуэ районым къыдэкIуэу, псыр ящIэуэнкIэ хъунущ Аруан, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж, Шэджэм, Прохладнэ, Май, Тэрч районхэм ящыщ жылагъуэхэм.

ЗэIущIэр зыщыхэплъа Iуэхухэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Залиханов Къ. Хь.-У., УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин М. В., Къурш геофизикэ институтым и унафэщI Беккиев М. Ю., Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщI Богаченкэ Е. М., «Кавказ» гъуэгур зехьэнымкIэ управленэ» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Гулаков В. В., «Межрегионгаз Газпром Налшык» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Цыплухин А. Г., «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» зэгухьэныгъэм и къудамэм - «Къэббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ, инженер нэхъыщхьэ Егъэн А. А., «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и «Ипщэ» Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ МацIыхъу Ф. В. сымэ.

Шэджагъуэ нэужьым УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкiэ и министрымрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ къызэхакIухьащ социальнэ IуэхущIапIэ зыбжанэ, абыхэм «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академие» щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ инри яхэту.

*УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхухэмкiэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэмрэ.*



## КIУЭКIУЭ Юрий: Ди щIалэхэр дахэу икIи тегушхуауэ джэгуащ

**«Чемпионатыр спортым и махуэшхуэ гъуэзэджэу зэрыщытам къыдэкIуэу, абы дуней псом наIуэу къыщигъэлъэгъуащ Урысейм хуэмыгъэзэщIэн зэрыщымыIэр.**

ИУЖЬРЕЙ зэIущIэм ди спортсменхэр щытекIуэным дыщIэхъуэпсырт. Ди командэм джэгукIэ хьэлэмэт, тегушхуэныгъэ зыхэлъ къигъэлъэгъуащ. Бжыгъэри зэхуэдэт, 2:2 хъууэ арат. Пенальти еуэн хуей хъуащ, ауэ ар уи кIэныр къызэрикIым елъытащ. Си гуапэу сохъуэхъу Черчесов Станислав зи пашэ гъэсакIуэхэм. Ди щIалэхэм я зэфIэкIым дрогушхуэ. Чемпионатыр спортым и махуэшхуэу зэрыщытам къыщымынэу, абы ди къэрал иным и жылагъуэр нэхъри зэкъуигъэуващ икIи Урысейм хуэмыгъэзэщIэн Iуэху зэрыщымыIэр дуней псом яригъэлъэгъуащ», - иритхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## Премьер-министрыр кIэлъоплъ Iуащхьэмахуэ районым псыдзэм щызэтрикъутахэр зэрызэфIагъэувэжым

**Мусуков Алий абы теухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыпсалъэм Iуащхьэмауэ районым и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий зэпкърихащ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр. Абы къигъэлъэгъуащ адэкIи гузэвэгъуэхэр къэмыхъун папщIэ дунейм и щытыкIэм жэщми махуэми зэрыкIэлъыплъыр. Тырныауз къалэм деж Бахъсэн псыр сантиметр 40-кIэ щетIысэхыжащ.**

КЪУАЖЭ къэс электрокъарур иджыпсту тэмэму яIэрохьэ. ЭлектрокIапсэхэр зрикIуэ пкъохэм ящыщу 6-р щIилъэсыкIати, ахэр щIэуэ хатIэж. Газ бжьамийхэри зэтрагъэувэжащ. Апхуэдэу псыкIэ жылагъуэхэр къызэрагъэпэщыжащ.

«Гъуэгу лэжьыгъэхэр жэщми махуэм йокIуэкI, абы папщIэ къагъэсэбэпу щыта техникэ Iэмэпсымэ 17-р 30-м нагъэсащ, цIыху 25-м я пIэкIэ иджы цIыху 45-рэ мэлажьэ», - къигъэлъэгъуащ «Кавказ» гъуэгур зезыхьэ управленэ» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Гулаков Виталий.

«Прохладнэ - Бахъсэн - Азау» федеральнэ автомобиль гъуэгум щыщу псы къиуам гуилъэсыкIахэр зэрагъэпэщыж, апхуэдэ щIыпIэхэм автомашинэхэр зы лъэныкъуэм тету щызокIуэ. Гъуэгу лэжьакIуэхэм псы Iуфэхэр Бахъсэн Ипщэ къуажэм деж щагъэбыдэ, Байдаевэ къуажэм деж псым илъэса щIыпIэр тракIутэж.

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил и псалъэм къыхигъэщащ мы щIыпIэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу 46-рэ къызэрыщагъэсэбэпыр цIыху 300-м щIигъу зэрыщылажьэр.

- Республикэм псыхэр къиунымкIэ шынагъуэр иджыри щхьэщыкIакъым, жиIащ Мусуков Алий. - АдэкIи уэшхышхуэ къешхынкIи хъунущ. Абы къыхэкIыу сыт хуэдэ гугъуехьми хуэхьэзыру дыщытын хуейщ.

**ТАРИМ Алисэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа махуэшхуэ дауэдапщэхэр щегъэкIуэкIынымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитет зэхэшэн икIи абы хэтхэу мы унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр къэщтэн.

2. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым мазэ пIалъэм къриубыдэу зэхилъхьэу къищтэн хуейщ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр къыщыгъэлъэгъуа план.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м*
*№65-РГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №65-РГ-мкIэ къащтащ***

### 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщIа махуэшхуэ дауэдапщэхэр щегъэкIуэкIынымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитетым

## ХЭТХЭР

**КIуэкIуэ Ю. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

**Егоровэ Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

**Мусуков А. ТI.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Асанов А. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр

**Ахъуэхъу Т. Б.** - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Ахубеков Ш. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

**Балъкъыз А. Хь.** - Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Бачков К. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Безниковэ И. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и министрыр

**Берд Хь. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Бещтокъуэ Ж-А. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

**Бэлэтокъуэ В. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфрастуктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

**Воронин С. В.** - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Говоров С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрыр

**Джатэ Р. Хь.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Дадэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Дроздов И. П.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэхъугъуэфIыгъуэу къалъыта объектхэр къэралым ихъумэнымкIэ и управленэм и унафэщIыр

**Евтушенкэ С. В.** - Май муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Журавлёв А. И.** - Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Залиханов Къ. Хь.-У.** - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Инжыджокъуэ С. М.** - Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Канунников В. А.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къардэн М. Н.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

**Куэшей А. Д.** - Аруан муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарщ)*

**Къумыкъу I. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Къуныжь В. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр

**КIурашын А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ и министрыр

**Мамхэгъ Хь. Хь.** - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Муртазов Б. С.** - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Уэщхъун Т. Хъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкiэ и министрыр

**Рахаев Б. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

**Ромашкин И. К.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Тараев И. В.** - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**ТекIушэ А. А.** - Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Устэ Д. А.** - къэрал IуэхущIапIэм - Урысей Федерацэм социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм - и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Хьэсанэ И. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

**Хъубий М. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

**Шаваев И. П.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр

**Шыхъуэбахъуэ М. Хь.** - Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Щоджэн Щ. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIыр

**ЩоджэнцIыкIу М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

## ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызыухахэм диплом плъыжьхэр иратыж

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

**Налшык дэт Театр щхъуантIэм бадзэуэгъуэм и 6-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр мы гъэм диплом плъыжькIэ къэзыухахэм я щIыхькIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пшыхь.**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат, «ЭкономикэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэ» щIэныгъэкъэхутакIуэ университетым и профессор Болотов Виктор, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщыкъуэ ФатIимэт, КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр.



ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэфIкIэ къэзыухахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъазэри, Правительствэм и УнафэщIым къыбгъэдэкI хъуэхъукIэ пшыхьыр къызэIуихащ Къардэн Мурат. Абы жиIащ ныбжьыщIэхэм хаша гъуэгу пэжым тетыну, зыщIэхъуэпс лэжьыгъэ IэнатIэхэм ехъулIэныгъэфIхэр яIэу пэрытыну зэригуапэр.

- Сэ хуабжьу сыщогуфIыкI щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ зэчифIэ куэд ди университетым къызэрыщIигъэкIым, - жиIащ Алътуд Юрий. - Шэч къытесхьэркъым абыхэм ди щIыналъэми, хамэ къэралхэми я цIэр жыжьэу зыгъэIуфын IэщIагъэлI гъуэзэджэхэр къазэрыхэкIынум, зрагъэгъуэта щIэныгъэр къызэрагъэсэбэпыфынум. Сынывохъуэхъу фи мурадхэр къывэхъулIэу фыпсэуну, лъэпкъми къэралми яхуэфэщэн цIыху къыфхэкIыну.

Ректорым и псалъэхэм иужькIэ, КъБКъУ-р фIы дыдэу къэзыухахэм диплом плъыжьхэр иратыжащ. Мы гъэм ахэр цIыху 550-м ноблагъэ.

- Университетым ущеджэну хуабжьу хьэлэмэтщ, - жеIэ ехъулIэныгъэфIкIэ мы гъэм университетыр къэзыуха Жыгуэ Иннэ. - 2008 гъэм химие къудамэм сыщIэтIысхьащ. Ар къэзуха нэужь, филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и магистратурэм сыщIэтIысхьэжащ. Магистратурэм сыщыщеджа илъэсхэм сыдахьэхащ бзэм, литературэм, лъэпкъ Iуэхум. Абы къыхэкIыу а унэтIыныгъэр си гъуазэу си мурадщ адэкIэ си еджэным аспирантурэм щыпысщэну.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр ягъэдэхащ КъБКъУ-м и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

**ТАБЫЩ Динарэ.**



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## «Адыгэ псалъэ» газетыр къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ




Щхьэусыгъуэ пыухыкIахэм къыхэкIыу 2018 гъэр къызэрихьэрэ «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм «Адыгэ псалъэ» газетыр тхьэмахуэ зэхуакум щэ фIэкIа къыдигъэкIыжыркъым.

Абы къыхэкIыу газетыр зыхуэкIуэхэм къыдэмыкIа номерхэм ятехуэ уасэр пощт IуэхущIапIэм къыщыIахыж хъунущ. Абы папщIэ дэтхэнэми газетым Iэ зэрытридзамкIэ абонементыр иIыгъын хуейщ.

Фызэрызэблэдгъэуам папщIэ къытхуэвгъэгъуну дыныволъэIу.

# Псы зрикIуэ бжьамийхэм я щытыкIэм депутатхэр егъэпIейтей

● КъБР-м и Парламентым



**Дзэлыкъуэ районыр псы зрикIуэ бжьамийхэмкIэ къызэрызэгъэпэщамрэ апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм я лэжьэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ теухуауэ щыташ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкiэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкIэ и комитетым иджыблагъэ а щIыналъэм щригъэкIуэкIа зэIущIэр.**

ДЕПУТАТХЭМРЭ КъБР-м Ухуэныгъэмкiэ, ЖКХ-мрэ гъуэгухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэмрэ къызэхакIухьащ псы зрикIуэ бжьамийхэр гъэлэжьэным пыщIауэ Дзэлыкъуэ районым щыIэ IуэхущIапIэхэр. Лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщамрэ щыIэ ныкъусаныгъэхэмрэ зыщагъэгъуэза нэужь, Iуэхум и зэфIэхыкIэ хъунум щытепсэлъыхьащ администрацэм и унэм.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан** къызэрыхигъэщамкIэ, къаIэта Iуэхугъуэр щIыналъэм щынэхъ къиинхэм икIи мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм ящыщщ. ЩытыкIэр гугъусыгъу ещI псы зрикIуэ бжьамийхэм я нэхъыбэр кхъахэ зэрыхъуам. ЗэрахузэфIэкIкIэ зэрахьэми, бжьамийхэр щIэх-щIэхыурэ зэпотхъри, ахэр ящIыжыху псыр ямыгъэбыдэу хъуркъым.

КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу **Бэлагъы Борис** зэрыжиIэмкIэ, 2013-2018 гъэхэм министерствэм и къарукIэ Дзэлыкъуэ районым щаухуащ щIыналъэр псыкIэ къызэгъэпэщыным епха объекти 6, сом мелуан 851,86-рэ и уасэу. Зи гугъу ящI ухуэныгъэхэр «2014-2017 гъэхэмрэ 2020 гъэм нэсу къуажэ щIыпIэхэм зегъэужьын», «Урысей Ипщэ» (2014 - 2020 гъэ.) федеральнэ программэхэмрэ КъБР-м и щIыналъэ программэмрэ япкъ иту зэфIагъэкIахэм щыщщ.

Псалъэм папщIэ, Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ Совхознэ къуажэм псы зрикIуэ бжьамийуэ километри 10,76-рэ (2014 гъэм), Белокаменскэ къуажэм километр 0,55-рэ (2015 гъэм) щаукъуэдиящ. 2016 гъэм псы бжьамийхэр зыгъэлажьэ ухуэныгъэу иджыри 3 и кIэм нагъэсри къызэIуахащ. 2017 гъэм Хьэбэз къуажэм километри 6,13-рэ зи кIыхьагъ бжьамий щыщIалъхьащ. Къагъэлъэгъуа пIалъэмрэ программэхэмрэ япкъ иткIэ Дзэлыкъуэ районым щаукъуэдиящ псори зэхэту километр 46,64-рэ.

«Ассо» ООО-м и техническэ унафэщI **Маттаев Хьэсэн** зэрыжиIамкIэ, Дзэлыкъуэ районым щыщIалъхьа бжьамийхэр нэхъ лъагэу къыщыщIидзэрэ лъахъшэ хъууэ къызэрехым электрокъару куэд темыкIуадэу цIыхухэм псыр яIэрыхьэну Iэмал къует. КъищынэмыщIауэ зэIущIэм къыщыхагъэщащ Балъкъ псы бжьамийхэр къыщагъэщIэрэщIэжкIэ, ахэр къуажэхэм пэIэщIэ зэращIынур. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къаритынущ зэран зэхуэмыхъужу къуажэхэм псы яIэрыхьэнымкIэ. Зи гугъу ящIам хохьэ щIыналъэм щыIэ къуажэ зыбжанэм псыхъумапIэхэр щыухуэнымрэ щыIэхэр зэгъэпэщыжынымрэ.

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкiэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкIэ и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** жиIащ дзэлыкъуэдэсхэм псы зэпымыууэ яIэрыхьэн папщIэ лэжьыгъэ хъарзынэ щIыналъэм зэрыщызэфIагъэкIар, ауэ гу зылъытапхъэ, унафэщIхэм зэпымыууэ я нэIэ щIагъэтыпхъэ Iуэхухэр иджыри зэрымымащIэр. ЗэIущIэм хэтахэр зэчэнджэщащ ахэр зэфIэха зэрыхъунум теухуауэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

**ЩIы Iыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэкIыу нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным и IуэхукIэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ
***№116-ПП***

***2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м Налшык къалэ***

Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м №52-2-03-19/2537-м щIэту къигъэхьа лъэIум хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩIым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩIыхэр е щIы Iыхьэ хэхахэр щатха гупым къыхагъэкIыу нэгъуэщI гупым зэрыхагъэхьэм и IуэхукIэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Пшахъуэрэ мывэрэ къыщыщIах IуэхущIапIэ щащIын папщIэ мэкъумэш мыхьэнэ зиIэ щIыхэм къыхагъэкIыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хухах щIыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъуэншагъэм папщIэ къагъэсэбэп щIыхэм, нэгъуэщI мурад убзыхуахэм хузэрахьэ щIыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъузэнатIэ 200000 хъу, 07:06:3100000:264 кадастр номерыр зиIэ, Тэрч муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Новая Балкария къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэ, губгъуэ №29/1 щIы Iыхьэр.

2. Мылъкур къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын Ямыгъэlэпхъуэ мылъкумкIэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа Унафэ №263-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ
**№117-ПП**

***2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министерствэм теухуауэ» 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа Унафэ №263-ПП-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) преамбулэр мыапхуэдэу къэхьын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-м, 1999 гъэм мазаем и 20-м къащтам, и 12-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ещI:»;

б) 3-нэ пунктыр мыпхуэдэу къэхьын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм я бжыгъэр цIыху 35-рэ (абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министрри хэту) нэхърэ мынэхъыбэу, я мазэ лэжьапщIэ фондыр сом мин 201,921-рэ хъууэ гъэувын, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэ 34-м хуагъэув мазэ улахуэ фонд сом мини 183,860-ри хэту.».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**



Уэтэбей Нэжмудин, Журт Темуркэ, Нэжмудин и щхьэгъусэ Уэтэбей Мерэ сымэ.



Уэтэбей Нэжмудинрэ журналист Мыз Ахьмэдрэ.

# ГъащIэм и архъуанэ щысхьыншэхэм япсыхьа

**Хъуэпсэгъуэщ Уэтэбей Нэжмудин щыпсэур - Псыгуэнсу къуажапщэм и пэнцIыв дыдэр. АдэкIэ унагъуэ зыри къыщыскъым. ПхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ а щIыпIэм и дахагъэр: я лъапсэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр джабэ нэкIущ, удзыпцIэу. Ижьрабгъур Псыгуэнсуупсыр щежэх псыхъуэщ. ЯпщэкIэ ВындыбкIэ зэджэ джабэ нэкIушхуэр зыуфэбгъуа мэзырщ. Унагъуэр бжьэпэм тесщи, я щIапIэр, кIуэаракъэ, жэнэт щIыналъэ жыхуаIэм хуэдэщ. Дэнэ лъэныкъуэкIи плъагъу дахагъэм, щхъуантIагъэм, псыхъуэм къыдиху акъужь къабзэм защыбгъэнщIыркъым.**

ЗИ ГУАЩIЭ къыдэкIымкIэ псэужу, пщIэрэ щхьэрэ зиIэу къэгъуэгурыкIуэ нэхъыжьыфIщ, цIыху къызэрыгуэкIщ Нэжмудин. Абы иIакъым сабиигъуэ IэфI. И анэр дунейм ехыжри, зеиншэу къэнат зэшищымрэ я шыпхъу цIыкIумрэ. Езыр ат нэхъыжьри, илъэс ебгъуанэм иту арат. Куэд дэмыкIыу адэм къахуишащ анэнэпIэс. Ауэ и адэри илъэсийщ зэрыкIэлъыпсэужар япэ ища щхьэгъусэм. Абы иужькIэ анэнэпIэсыр яхэкIыжри, Нэжмудин и пщэ къыдэхуащ къыдалъхуахэр зыхуей хуигъэзэн хуейуэ.

Ауэ гъащIэм и архъуанэ щысхьыншэхэм сыт хуэдизу ямыгъэкIэрэхъуами, а зыIууа гугъуехь псоми ипсыхьащ, лIы хуэдэлIу къыхэкIащ щIалэщIэр. И IэпкълъэпкъыIр зэрымыубыдауэ хыхьэн хуей хъуащ колхозым. Япэ зэманхэм ар лэжьащ пхъэIэщэIурыуэу, илъэс дэкIри, тракторым трагъэтIысхьащ. Уэтэбейр лэжьащ, зыхэхуа бригадэм хэт нэхъыжьыIуэхэри, колхоз унафэщIхэри арэзы къищIу.

Псыгуэнсу щызэхэт колхозым мэкъумэшыщIэ Iэзэ и мэщIакъым сыт хуэдэ зэманми. Адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу, я цIэ фIыкIэ къраIуэу, ягъэпажэу. Ауэ лэжьакIуэхэм яхэтт фIым я фIыжхэри. Абыхэм ящыщт Уэтэбейхэ я щIалэри. Ар адрей и гъусэхэм къахэпэжыкIыу зэрыщытам и щыхьэтщ Iэпщэ сыхьэти, нэгъуэщI саугъэтхэри къызэрыхуагъэфэщар. Апхуэдэу, 1974 гъэм абы кърататщ къэрал дамыгъэ лъапIэ - ЩIыхь орденыр.

Езым и унагъуэм и закъуэкъым Нэжмудин зыхуей хуигъэзар. И къуэшитIым я зым щIапIэ къыхудихащ, адрей къыдалъхуахэми защIигъэкъуащ, лъэкI къимыгъанэу.

Илъэс 43-кIэ колхозым хэтащ Уэтэбейр. Нобэ абы и унагъуэ Iуэхур зэтесщ. ФIы зигу илъ дэтхэнэ зы цIыху псэ хьэлэлми хуэдэу, Нэжмудин хуабжьу щогуфIыкI и жылэм щыщ гуэрым и хъыбарыфI, и ехъулIэныгъэм теухуа зыгуэр зэхихмэ. Абы сытым хуэдэу гухэхъуэгъуэ ин игъуэтауэ щыта, и къуажэгъу Джэду Iэниуар дунейпсо спорт утыкум зэритам щхьэкIэ. Уеблэмэ, класситху фIэкIа къимыухами, усэ фащэкIэ хуэпауэ, хъуэхъу дахэ хузэхилъхьащ и жылэм къыщыхъуа пелуаным, апхуэдэу ар теусыхьащ Псыгуэнсу псы уэр цIыкIуми, и жылэм дэс щIалэгъуалэми.

Нобэ сыт хуэдэу и Iуэхур зэтеувауэ емыкIуэкIми, Нэжмудин куэдрэ и нэгу къыщIохьэж тхыдэ гъунэгъур:

- Нэхъапэм берычэтышхуэ дэлъащ ди жылэм. Сыт хуэдиз Iэщ тета ди фермэхэм, ар плъэгъуамэ уи гур хэхъуэрт, сыт хуэдиз гъавэ кърахрэт ди губгъуэхэм. Мэлыр я куэдт. Шыр арат. СощIэж, фермэм тес хъыджэбзхэм я пщэдджыжь жэм шыныр зэфIэкIа нэужь, гукъыдэжышхуэ яIэу, я Iэблэр зэрыIыгъыу уэрэд жаIэу шхапIэм кIуэрт. Абы щыгъуэ цIыхум яку дэлът IэфIагъ, зэхуэгъэкIуатэ щыIэт, щIакхъуэ Iыхьэ яIэмэ зэдэгуашэрт. КIэщIу жыпIэмэ, мащIэ фIэкIа ямыIэми, фIыуэ зэрылъагъуэрт. А зэманым, нобэ хуэдэу, хьэулеи лъэжьапIэнши щыIэтэкъым.

Уэтэбей Нэжмудинрэ абы и щхьэгъусэ, Барийхэ япхъу Мерэрэ илъэс куэд щIауэ зэдопсэу насыпыфIэу, зыдэс хьэблэми жылэми пщIэрэ щхьэрэ щаIэу. Я къуищри - Мухьэмэди, МуIэеди, Мурати - цIыху хуэдэ цIыхуу ягъэсащ. ГъащIэм и гъуэжькуийхэм сыт хуэдизу ямыгъэджэрэзами, Нэжмудин а псом и гур пхъашэ ящIакъым - игъащIэм зэ фIэкIа уэршэрэгъу пхуэмыхъуами, зэрыцIыхуфIыр, фэрыщIагъ зэрыхэмылъыр, зэрыпсэхьэлэлыр и нэгу угъурлыфэм иболъагъуэ. Илъэс 76-рэ и ныбжь пэтми, и щIалэгъуэм хуэдэу ноби жыджэрщ, Iуэхуншэу зы махуи щысыфынукъым - бжьэ егъэхъу, Iэщ, хадэ зэрехьэ. Я къуэ нэхъыщIэм ейуэ Нэжмудинрэ Мерэрэ яIэщ сабиищ - ахэрщ жьыщхьэ махуэ хъуа зэщхьэгъусэхэм я лъэр щIэзыгъэкIыр, дэрэжэгъуэ къахуэзыхьыр, я гъащIэм къыпызыщэр.

**МЫЗ Ахьмэд.**
*Псыгуэнсу къуажэ*

● КъБР-м и Прокуратурэм

## Зэрылажьэм хуэдэурэ... лэжьапIэншэхэт

**Шэрэдж районым и прокуратурэм сэтей къищIащ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным и IэнатIэм хьэгъэщагъэхэр зэрыщызекIуэр.**

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, белджылы къэхъуащ энергетикэм егъэщIылIа компаниехэм ящыщ зым зэрыщылажьэр ибзыщIу Бабугент къуажэм щыщ цIыхубзым IэнатIэншэу зэрызригъэтхар. «ЗэрылэжьапIэншэм» щхьэкIэ абы хабзэншагъэкIэ сом мин 22-м щIигъу зыIэригъэхьащ.

А зэман дыдэм хуэзэу зэрылажьэр ибзыщIри, Жэмтхьэлэ къуажэм щыпсэу цIыхухъум апхуэдэ IэмалкIэ сом мини 10-м нэблагъэ зыкIэщIиупщIащ.

Къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ Урысейм и МВД-м и къудамэу Шэрэдж щIыналъэм щыIэм уголовнэ Iуэхухэр къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159.2-нэ статьям и япэ IыхьэмкIэ (ахъшэ къыIахын мурадкIэ гъэпцIагъэ зехьэн).

Прокуратурэр кIэлъоплъ Iуэхухэр зэрызэхагъэкIым.

**БАЛЪКЪ Мухьэмэд.**

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 10,** *гъубж*

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ.** 1709 гъэм Пётр Езанэм и унафэм щIэт урысеидзэм шведхэм я армэр Полтавэ деж щызэхикъутащ.

♦**Монголием и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1878 гъэм** Инджылызым щекIуэкI футбол зэIущIэм арбитрым япэ дыдэу кIэфий къыщигъэсэбэпащ.

♦**1918 гъэм** Советхэм я V Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр - япэ Совет Конституцэр - къищтащ.

♦**1925 гъэм** ЦИК-м и Президиумымрэ СССР-м и цIыхубэ комиссархэм я советымрэ я унафэкIэ къызэрагъэпэщащ Совет Союзым и Телеграф агентствэр - ТАСС жыхуиIэр.

♦**1934 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ цIыхубэ комиссариатыр (НКВД).

♦КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, Сирием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Гугу Акрэм** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Олейников Илья** (и унэцIэ дыдэр Кляверщ) къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист **Стоянов Юрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦КъБР-м цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэр зыхуагъэфэща Портэ Галинэ къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей фигурист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион **Кацалапов Никитэ** и ныбжьыр илъэс 27-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 23 - 24-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 11,** *бэрэжьей*

♦**ЦIыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Шоколадым и дунейпсо махуэщ**

♦**Монголием щагъэлъапIэ я цIыхубэ революцэм и махуэр**

♦**1700 гъэм** Берлин къыщызэIуахащ Германием щIэныгъэхэмкIэ и академиер. Абы и япэ президенту хахат дуней псом щыцIэрыIуэ нэмыцэ философ икIи математик Лейбниц Готфрид.

♦**1941 гъэм** щIидзащ Киев къалэр хъумэжыным теухуа зауэ гуащIэм.

♦**1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.

♦**1987 гъэм** ЩIы хъурейм цIыхуу щыпсэур меларди 5 ирикъуащ.

♦**1998 гъэм** Москва къыщызэIуахащ НыбжьыщIэхэм я дунейпсо спорт джэгухэр.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ модельер цIэрыIуэ, хьэрычэтыщIэ, а къэралым и цIыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ **Армани Джорджо** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Алим** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

# Унагъуэ, лъагъуныгъэ, зэхуэпэжыныгъэ

**Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм бадзэуэгъуэм и 6-м щагъэлъэпIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм и урысейпсо махуэр.**

● Махуэшхуэхэр





IУЭХУЩIАПIЭМ и щIыхьэпIэм деж щагъэуват Налшык къалэ Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэнымкIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ и центрым щагъасэ цIыкIухэм я IэдакъэщIэкIхэр. Адыгэ лъэпкъ дамыгъэхэр зыхэдыкIа фэилъхьэгъуэхэр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, я щIыкIэкIэ зэхуэмыдэ арджэнхэр, сурэтхэр, нэгъуэщIхэри щагъэлъагъуэрт а утыкум. Пшыхьым къекIуалIэхэр абдежым къыщызэтеувыIэрт, ялъагъум дихьэхауэ. Ар сабийхэм зэраIэрыкIыр къащIа иужькIэ, IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм IэджэкIэ еупщIырт.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ уэрэджыIакIуэ, телевиденэм и лэжьакIуэ Аттаев Азноррэт пшыхьыр езыгъэкIуэкIари, ахэр къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ дэтхэнэ зыми и унагъуэр, и «къэралыгъуэ цIыкIур» хуэузыншэну, нобэ хуэдэ махуэ дахэ куэд зыгъэлъэпIэн хъунхэу. ИкIи япэ псалъэр иратащ пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэ КъБР-м и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Къаскъул Iэулият.

- Унагъуэ жьэгум фигъэхуабэу, лъагъуныгъэм фызэкъуигъэувэу, зым адрейр илъытэу, пщIэ зэхуэфщIрэ фи насыпым фриину Тхьэм фигъэпсэу, - захуигъэзащ абы пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм. - Унагъуэ дахэ ухуэным, абы и фIыгъуэхэр хъумэным хуэгъэза «Илъэсым и унагъуэ-2018» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэр дэ нобэ дгъэлъэпIэнущ. Хабзэ дахэ хъуауэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ мы зэхьэзэхуэм, ди гуапэ зэрыхъунщи, и пщIэм хэхъуэ зэпытщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы нэгъабэ хэтам нэхърэ мы гъэм хыхьар хуэдитIкIэ нэхъыбэщ, республикэм и къалэ, район псори къызэщIиубыдэу. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм къалэныр гугъу дыдэт, - фIым я нэхъыфIыжхэр къыхахын хуейт. Ахэр нэсу я пщэрылъым пэлъэщауэ си щхьэкIэ къызолъытэ, - жиIащ Iэулият.

АдэкIэ гъуэрыгъуэурэ утыкум кърагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрхэр, къулыкъущIэхэр, увыпIэ нэхъыщхьэр къэзыхьахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратыжын папщIэ.

Зэхьэзэхуэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми япэ увыпIэхэр зыхуагъэфэщахэр къыщыхахащ. Псалъэм папщIэ, «Унагъуэ дыщэ», «Бын куэд щапI унагъуэ», «УнагъуэщIэ», «Хабзэхэм я хъумакIуэ унагъуэ», «Къуажэдэс унагъуэ», иужькIэ хагъэхьэжа «Творческэ унагъуэ», «Спорт унагъуэ» жыхуаIэхэр. Утыку кърашауэ унагъуэ хъуэпсэгъуэхэм зэхьэзэхуэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэми ехъулIэныгъэ зэрыщаIэнум, абыхэм ящыщхэр къэрал псом щапхъэу къыщагъэлъэгъуэнухэм зэрыхагъэхьэнум шэч хэлъкъым.

Къаскъул Iэулият фIыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэрагъэпэщынымкIэ къадэIэпыкъуа министерствэхэм, ведомствэхэм, Налшык къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэм, цIыху щхьэхуэхэм.

ЯгъэлъэпIахэм ящыщщ Мысырхэ Алимрэ Земфирэрэ, Къалэжьокъуэ Оксанэ, Атмурзаевхэ Жэмалрэ Хьэуарэ, ТхьэилI Сэфарбийрэ Катеринэрэ, ПщыукIхэ Лолэрэ Раисэрэ, Ажахъуэхэ Анатолэрэ Светланэрэ, ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Маритэрэ, Кульбакэ Сергейрэ Светланэрэ, Уэсмэн Аслъэнрэ ХьэIишэтрэ, Хочутов Викторрэ Тамарэрэ, Жылаухэ Арсенрэ Лолэрэ, Шопархэ Анатолэрэ Майерэ, Темботхэ Хьэчимрэ Оксанэрэ я унагъуэхэр.

- Зэпеуэм фыхэтыну гупыж зэрыфщIам нэхъ гугъуехь фымылъагъуу, фи бынхэм я гуфIэгъуэрэ я гулъытэрэ фыщымыщIэу, ди щIыналъэм щыпсэу унагъуэхэм, зи насып къэкIуэгъуэхэм щапхъэ фахуэхъуу фыпсэуну ди гуапэщ, - жаIэу, пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэри абы къыщыпсэлъа хьэщIэхэри зи цIэ кърaIуахэм ехъуэхъуащ. Гулъытэ зыхуащIахэм къабгъэдэкIыу, псоми фIыщIэ яхуищIащ композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил.

Бадзэуэгъуэм и 8-м Урысей псом щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм и махуэм ирагъэхьэлIа пшыхьыр ягъэдэхащ Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Мамбэт Мадинэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амур, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист Гуазэ Тимур, Бахъсэн районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и «Кавказ» цIыхубэ ансамблым, щапхъэ зытрах «Нал цIыкIу» къэфакIуэ гупым, нэгъуэщIхэми.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Мывэ къуршым мэш трасэркъым.**



# Хьэтхэр

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ**

## Тхыдэ роман

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№68, 69, 72-74, 75, 78,79, 81, 82-хэм итщ).*



А пщэдджыжьым нэхъ Iэфl хэтынутэкъым Нэптерэ и гъащIэм. АфIэкIа апхуэдэ жэщ гуащIи иIэнутэкъым. Алэдамэ и гупэм хэлъу нэху къекIа пщыпхъум жэщ кIуар игу къэкIыжмэ мафIэу къызэщIэнэурэ, а мафIэ щIыIэм къригъэсыж къыщыхъуу и щIыфэр сырт, тхыт-хырт. А зы жэщ закъуэмкIэ и гур игъэфIу, и гъащIэ мыхьэнэншэр а гукъэкIыжым щIигъэхуабжьэу псэунут иджы Нэптерэ.

Абы ищIэрт и унафэр зэращIари, хьэгъуэлIыгъуэм зэрызыхуагъэхьэзырри. Ауэ Хьэт къэралыгъуэм и пщышхуэми пекIуэкIат а пщащэ къамылыфэ гуакIуэм и гущIэлъыр: фIыуэ илъагъум зритат...

### МэIэтхъэрнефрурэ

Хьэтусилэ икIэщIыпIэкIэ пщызэхуэс къызэригъэпэщащ. ЗэрыжаIэмкIэ, пщым ипхъу курытыр лIы иритырти, абы ехьэлIагъэнут хасэр. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Нэптерэ зратынур. КъахуэщIэртэкъым пщым благъэ ищIыну зытриухуар хэтми, зи кIэн къикIынур сыт хуэдэ щIыналъэм и пщыжьрами.

Алэдамэрэ Тутхьэлийрэ и лъэныкъуэ зырызым къыщыту Хьэтусилэ иригъэблэгъащ хасэм кърихьэлIахэр икIи зимыIэжьэу иришэжьащ:

- Фызэрыщыгъуазэщи, сипхъу курытыр лIы естыну тезухуащ. СыкъывгурыIуэну икIи къыздэфIыгъыну сыщогугъ мы Iуэху мытыншыр... Нэптерэ Рамзес ЕтIуанэм естынущ.

Пщызэхуэсым кърихьэлIахэр Хьэтусилэ жиIам апхуэдизкIэ къигъэуIэбжьати, зэуэ я фIэщ хъуакъым, ауэ асыхьэту пэшым зэрызехьэр щIэз хъуащ.

- Дауэ?

- Сыт щхьэкIэ?

- Апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ флъэгъуа?!

- Сыт ар зищIысыр?

Дзэпщхэр къызэрыIэтауэ зэрызехьэрт. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Iейуэ ундэрэщхъуар Алэдамэт. Абы къыгурыIуэртэкъым пщым я пщыжу, губзыгъащэу къилъытэу щыта Хьэтусилэ апхуэдэ унафэ ищIын хуей щIэхъуар. Ар пщым и сэмэгурабгъумкIэ щытт, Хьэтусилэ хуеплъэкIыу, и гум щыщIэр зэрыщыту и нэгум кърихыу, къызэщIэнауэ.

- Щэхуу! - и Iэр иIэтащ пщым.

- КъыдгурыIуэркъым, зиусхьэн. Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ дгъэбий лъэпкъым уи пхъурептын хуей щхьэ хъуа? - къызэIыхьауэ къэтэджащ къашкъэм я пщыр.

- Дэ нэхъыфIыIуэкIэ дыпщыгугъат! Хъуакъым ар, - и напщIэр хишащ Ахей.

- Щхьэусыгъуэ гуэр иIэ хъунщ абы, ныбжьэгъухэ. ДевгъэдаIуэ пщым жиIэм, - и макъым зригъэIэтащ Вындэшынэ. - Ди пщыр къэралым зэрыхуэпэжыр мызэ-мытIэу игъэлъэгъуащ, Хьэкъмыс щыщыIэми, пщыгъуэр къылъыса нэужьи. Япэ фимылъадэ зэ.

Хасэм хэтхэр нэхъ щэху щыхъужым, Хьэтусилэ пищэжащ. Дауи, иджыри илъэс минкIэ дезэуэфынущ дэ Мысырым. Ауэ, дызэгурыIуэу, мамырыгъэкIэ дызэIэпыкIыну игъуэкъуэ?!

- МамырыгъэкIэ Iэджэрэ дызэIэпыкIащ дэ, зиусхьэн. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, я псалъэм епцIыжурэ, къытрагъэзэжащ ахъумэ, - къыхэкIиикIащ ЦIру.

- ПсалъэкIэ узэгурыIуэмрэ зэгурыIуэныгъэм щыхьэт техъуэ тхылъым лъэныкъуитIми Iэ щытрадзэмрэ зыкъым... - пигъэщхъащ пщым.

ЩIэщыгъуэ гуэр зэхэзыха дзэзешэхэр зэщIэдэIукIащ.

- Сэ си гугъэщ Щамымрэ Финикие ищхъэрэмрэ Хьэт къэралыгъуэм къытхуэнэу, журт щIыналъэмрэ Финикие ипщэмрэ Рамзес естыну. КъищынэмыщIауэ, дыщэ-дыжьынрэ Iэщрэ куэду Рамзес хуезгъэшэнущ тыгъэу. ЗэгурыIуэныгъэ зэресщIылIэм, си псалъэм сызэремыпцIыжынум и щыхьэту нэчыхькIэ згъэбыдэжынущ а зэгурыIуэныгъэр, - пищащ пащтыхьым.

- Зыри къызгурыIуэркъым. Уи пхъум уасэ теплъхьэжу фирхьэуным ептынура, къыдэмызэуэн щхьэкIэ, Къадеш къыттримыхын папщIэ? - и нэщхъыр зэхиукIащ Нурдыгъэл.

- Сыт хуэдиз зауэ къызэднэкIа? Сыт хуэдиз гъащIэ яхьа а зауэхэм! Сыт хуэдиз насып зэтракъута абыхэм! Зауэ нэужьыр хьэдагъэщи, анэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ я нэпсыр мыгъущ щIыкIэ, зеиншэу къэна, къэжэпхъа къуэхэмрэ къуэрылъхухэмрэ ирагъажьэу дыкъогъуэгурыкIуэ. Ди щIыр къытхуэнэжа щхьэкIэ, дэ езыр мащIэ дыхъуащ. Лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэ диувауэ жыпIэ хъунущ. Сыхуейкъым си адэжьхэм нобэм къашэса къэралыгъуэр яжьэ хъужыну, си пагагъэм текIуэдэжыну, си лъэпкъэгъухэм я кхъащхьэм фирхьэунхэм уардэ Iуащхьэ тращIыхьыну. Си пхъур сыгуIэу естрэ си гур си бгъэм ирисхьэжмэ нэхъыфIщ. АбыкIэ зауэр къэзгъэувыIэнщ, нэхъыжьхэм нэхъыщIэхэр щIалъхьэжу зыми илъагъужынкъым, - зыпэрыс Iэнэм IэштIымкIэ теуащ пщы къызэщIэплъар.

Псори щым хъуауэ едаIуэрт абы. НэхъапэIуэкIэ иригубжьами, иджы зыми зыри пидзыжыфыртэкъым.

- КъищынэмыщIауэ... Тхыдэм къытхуигъэгъунукъым, къэралыгъуэр Рамзес еттмэ. Хы Курытри тенджыз ФIыцIэри хуит хуэхъунущ итIанэ. Аращи, фирхьэуныр благъэ сщIырэ, фIыкIэ сыгурыIуэмэ, си лъахэр бэIутIэIум щысхъумэнущ. МардэикIыпIэщ мы Iуэхур, си ныбжьэгъухэ. Сыхуейщ мыбдеж къекIуэлIахэр псори Мысырым сутIыпщыну лIыкIуэхэм фахэтыну. Нэптерэ Мысырым фшэуэ, фирхьэуным зэгурыIуэныгъэ ефщIылIэу, хъыбарыфIхэр къысхуэфхьу фыкъекIуэлIэжыну. Аращ си унафэр. ТхуэфIыну! ИужьыIуэкIэ абы иджыри зэ къытедгъэзэжынщ. Иджыпсту джэгумкIэ фынеблагъэ, фи нэгу зевгъэужь, зывгъэпсэху, - зиIэтри, пщыр пэшым щIэкIыжащ.

АДЭМ и быныр итырт, и гум къыщIитхъми, щысхьми. Итырт лъэпкъым щхьэкIэ, итырт къэралым щхьэузыхь хуищIырти. ЩIэблэр балигъыпIэ иувэу, лъхуэуэ-пIэуэ хуиту псэун, хьэтхэм зыкъаужьыжын папщIэ итырт. Алэдамэ хуитт фIыуэ илъагъу цIыхубзыр зэрыIэщIэкIым щхьэкIэ ныкъуэкъуэну, лъэпкъ псом пэщIэувэу, псоми ар къатрихыну, и щхьэр япэ иригъэщу, апхуэдэ Iэмалым пщыр хигъэкIыжыну?! Хьэуэ. ИрищIэфынутэкъым апхуэдэ зыпIыжа и вакъуэ адэм. Хьэтуссэм къыщынэу Нэптерэ зэрыдашым еплъынуи къару иIэтэкъым. А псори зэхуигъэхъури, Алэдамэ пщым деж щIыхьащ.

- Зиусхьэн, Мэуэтейм згъэзэжыну сыхуейщ.

Хьэтусилэ и нэгур къызэхэуфащ. Ар тэлайкIэ щыму щытащ, итIанэ хьэлъэу хэщэтыкIри, етIысэхащ.

- ФIыуэ уегупсыса абы? - и напIэр къыхуэмыIэту.

- Сегупсысащ, зиусхьэн.

- Хьэкъмыси ухуейкъым, си дзэпщуи укъыщынэнукъым мыбы, ара?

- Дзэпщ лъэрызехьэ защIэщ уи бейгуэлхэр, зиусхьэн. Тутхьэлий уиIэщ. Абы нэхъ лъэужьыфI къуатынтэкъым Тхьэхэм. Сэ зыри сыхуейкъым, зиусхьэн. Зэ жысIащ ар... - и пкъыр уардэу иIыгъыу, и щхьэр лъагэу Iэтауэ, ауэ и напIэр едзыхауэ жиIащ Алэдамэ.

- УкъызгуроIуэ, Алэдамэ...

- Уэри укъызгуроIуэ, зиусхьэн, - щабэу жиIащ щIалэм, пщыр зэпиудри. - Гукъанэ пхуэсщIыркъым. ЗэрынэхъыфIым хуэдэу пщIауэ аращ. Ауэ, си хэкужь секIуэлIэжмэ нэхъыфIщ. Си адэр къэзгъуэтыжынщ, псэумэ...

- Къыпхудэмышей щхьэкIэ, сынокъуэншэкIащ, Алэдамэ. НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэххатэми! - пщым зыкъиIэтри, щIалэм IэплIэ къыхуищIащ. - Гъуэгу махуэ, си щIалэ! Уи адэ деж емыкIу къыщызмыхьын хуэдэу, гъэсэныгъэфI пхэслъхьэфауэ согугъэ. Хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ къэбгъэзэжмэ - сытым дежи гуапэу укъезгъэблэгъэжынущ.

Жьыуейр щызэприху пэш кIыфI нэщIым хуэдэт Алэдамэ и гущхьэр. Абы и бгъэм зыри имылъыжу кърaтхъат. Пэжщ, Хьэтусилэ зыкIи игъэкъуаншэртэкъым абы. Ауэ щыхъукIи, икIэщIыпIэкIэ уардэунэр имыбгынэмэ, и щхьэр зэкIуэкIыну, делэ хъуну къыфIэщIырт. Тутхьэлий Iуплъэнуи къару иIэтэкъым, Нэптери хуэзэжыфынутэкъым. И псэм апхуэдиз бэлыхь щишэча щIыпIэр псынщIэ-псынщIэу ибгынэн фIэкIа, нэгъуэщI зыри хуеижтэкъым Алэдамэ.

Нэптери арат, щIэхфэх зыкъыхуэщIэжынуми, зыкъыхуэмыщIэжыххэу хьэдэджадэм хуэдэу дунейм тетынуми зыри хищIыкIыртэкъым. Зыри къыфIэIуэхутэкъым абы. ИгъащIэм зы цIыхум имылъэгъуа фэилъхьэгъуэ телъыджэу хуадахэм гу лъитэххэртэкъым, хурагъэщIа дыщэ пыIэ дэгъуэми зыри хуиIуэхутэкъым, хъугъуэфIыгъуэу кърашэлIамрэ, фирхьэуным тыгъэ хуащIыну кърахулIа IэщIэвыщIэ, шы гуартэ бжыгъэншэми щыщ хищIыкIыртэкъым. Абы къыфIэIуэхутэкъым хамэ щIыпIэ жыжьэ щыпсэу фирхьэуным и щхьэгъусэ Нэхъыщхьэ, Мысырым и Гуащэшхуэ зэрыхъунури, езым и фIыгъэкIэ Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ зэи зауэ IуэхукIэ зэрызэпэщIэмыувэнури, Нэптерэ и дыгъэ нэкIум къызэриплъэу, фирхьэун джатэдэпщыр хьэщыкъ къызэрыхуэхъунури.

...Тенджыз ФIыцIэм техьа кхъухьым МэуэтеймкIэ иунэтIащ. Щхьэхуимыт гъащIэр зыгъэунэхуа щIалэм гукъыдэж иIэтэкъым къызэринэкIа щIыналъэм хуеплъэкIыжыну. Ар ищхъэрэкIэт здэплъэри, здэкIуэри.

...ХЬЭУА пщтырым уи Iур щригъэгъущIыкI Мысыр къуэмым нэсауэ, Хьэт къэралыгъуэм и лIыкIуэхэм Рамзес хуашэрт пщыпхъу тхьэIухудыр. Нэптерэ нэгъуэщI цIыхут. НапIэзыпIэм къэжэпхъа, пхъашэ хъуа хъыджэбзыр ещхьыжтэкъым япэрей пщащэм.

ГъащIэм зэхуишэу лъэныкъуэ зырызу зэпэщIихыжа ныбжьыщIитIым зэдамыгъуэта насыпыр арт къэралыр и хьэмтетыгъуэ лъэщым хуэзышар. Иджы а тIум я ныбжьыр зэрыгъуэтауэ къыщынар Алэдамэ и лэгъунэм и закъуэт... ЗэшэкIауэ. ЗэIущащэу. Я гурылъхэр зэхуаIуатэу. ЗэщыгуфIыкIыу. ЛъаIуэу...

### Эпилог

... Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэм и щыхьэту, Хьэтусилэ ипхъу Нэптерэ Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэ нэхъыщхьэу ишащ.

А Iуэхугъуэшхуэм щыхьэт техъуэ тхыгъэр нобэм къэсыжащ, нысашэмрэ нэчыхьытхымрэ зэрекIуэкIари, Хьэтыпщым фирхьэуным хуригъэша хъугъуэфIыгъуэхэри, мысыр лъэныкъуэр абыхэм къазэрыпежьамрэ зэрагъэхьэщIамрэ ди нэгу къыщIагъэувэжу.

А зэманым хамэ къэрал къикIа пщащэхэр пащтыхьым и фызхэм ящыщ зыуэ, мыхьэнэшхуэ ямыгъэзащIэу къалъытэрт, ауэ Рамзес благъэ хуэхъуа лъэпкъым хуиIэ пщIэм и щыхьэту, Хьэтусилэ и пхъур и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ ищIауэ щытащ икIи Нэптерэ и дахагъэм итхьэкъуа фирхьэуным и щхьэгъусэм МэIэтхъэрнефрурэ (дыгъэм хуэдэу дахэ) къыфIищат. «Пщащэм и адэм и зауэлIхэр щIыгъуу, былым бжыгъэншэхэр япэ иту, Мысырым и лIыкIуэу цIыху нэхъыщхьэхэр, цIэрыIуэхэр щIыгъужу, Пащтыхь гуащэр Рамзес деж нашэсауэ щытащ икIи пащтыхьым и щхьэгъусэр хуабжьу игу ирихьат», - тетщ Абу-Симбел блыным, а Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуам. Илъэсий дэкIри, Хьэтусилэ ипхъу нэхъыщIэ Тэшмийри Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэ хуэхъуащ.

Хьэтусилэ Ещанэм и зэманыр Хьэт къэралыгъуэм и хьэмтетыгъуэу щытауэ къыхощыж тхыдэм. Сыт хуэдэ IуэхугъуэмибжьыпэикIыпIэ иIэщ. Апхуэдэу, хьэтхэм я зыужьыныгъэм и лъагапIэ дыдэм щынэсым, егъэзыхыгъуэм къыпекIуэкIыфакъым икIи илъэси 100 нэхъ дэмыкIыу къэралыгъуэр щэщэжащ.

### Псалъалъэ

Джатэдэпщ - деспот
Дэгызэ - няня
ДзэкIэ - арьергард
Дзапщэ - авангард
Емынэрылъху - вредный, коварный
Жыгыщхьэрыс - дозор
БжыкI - копье
Бжырыбж - дальний лук
Уфэ-упцIэ - хлыст
Бэджей - скорпион
ГъадэщIыдэ - вечность
Вакъуэ - отданный на воспитание ребенок
Къуэдышхуэ - денежный штраф
Уэр - войско
Уэртет - военнокомандующий
Бедэхъауэу - бесполезная трата времени
Къэбэкъауэ - вулкан
Шэсыгъу - заложник
Щтэращтэ - наложница
МэIэтхъэрнефрурэ - Нэптерэ Рамзес къыфIищауэ щыта мысырыцIэ, «дыгъэм хуэдэу дахэ» къикIыу аращ.





*Сурэтхэм:* **Анатолие Курытым и блынхэм хэщIыхьа теплъэгъуэхэр.**

# Ершов Виталий и тхылъыщIэм теухуауэ

**«Урыс дунеймрэ XX - XXI лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм Кавказ Ищхъэрэм иIэпхъукIахэмрэ» («Русский мир и северокавказское зарубежье в XX - начале XXI вв.) - аращ зэреджэр нэхъ пасэуи зи гугъу тщIа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Ершов Виталий и тхылъым. Абы нэхъ убгъуауэ дытепсэлъыхьыну хуэфащэу къыщIытщыхьуа щхьэусыгъуэхэм язщ Виталий и лэжьыгъэм напэкIуэцI куэд адыгэ-шэрджэсхэм зэрыщахухихар.**




Мэзкуу къыщыдэкIа тхылъ хьэлъэфIыр зэ IуплъэгъуэкIэ щIэныгъэлI лэжьыгъэу къыпщохъу. Ауэ тхакIуэм къэралыгъуэм и хьэтыр щилъагъу ипэрей напэкIуэцIхэр къызэбнэкIа нэужь, а тхылъыр дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар зытхам и лъынтхуэхэм арижэ лъым зэрепхар къыбгуроIуэ. Сыту жыпIэмэ, зи адэшхуэ-анэшхуэр шапсыгъ, зи анэр урыс щIалэм щхьэхуимыту игу-и щхьэкIэ зэригъэкIун хуей мэхъу дэ зэпэщIэту къытфIэщI дунеитIыр - Урысеймрэ я псэм тешыныхьу зэман зэхуэмыдэхэм абы иIэпхъукIа кавказ цIыхубэмрэ.

Лъэхъэнэ къэс езым и цIыху щIыкIэ иIэжщ. XX лIэщIыгъуэм и пэм Урысеймрэ Кавказымрэ нэхъапэм щымыIа зэдэгъуэгурыкIуэкIэ Iэмал гуэрым техьат. «Шуудзэ шыщхьэмыгъазэ» зыфIаща зауэлI зэгухьэныгъэу Япэ дунейпсо зауэм хэтам урысхэмрэ бгырысхэмрэ тыншу зэзыгъэзэгъ хэкупсэ гурыщIэхэр къигъэушат. А зэщIэхъееныгъэм Ершов Виталий и гугъу щещI «Кавказ хужь: хамэщIым къыщыунэхуа зэкъуэшыныгъэ» Iыхьэм. Псалъащхьэм къызэрыдигъащIэмкIэ, мыр зытеухуар революцэ плъыжьым пэщIэува къарухэм яхэзэрыхьу къэралыр зыбгына кавказ офицерхэращ. ЩIэныгъэлIым жамыIа жиIэркъым, дэфтэр щIэхъумаи къигъуэтыжыркъым, ублэмэ и тхылъыр журналист тхыгъэм нэхъ ещхьщ, щIэныгъэлI лэжьыгъэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ, ар зытепсэлъыхьыр дыгъуасэ хуэдэм екIуэкIа тхыдэ гъунэгъурщ. Ауэ тхакIуэм нобэр къыздэсым дызыщыгъуазэ, утыку илъ хъыбархэр езым и гупсысэмкIэ къызэщIекъуэжри, акъылэгъу удэмыхъупэми, и лэжьыгъэ унэтIыкIэм и хьэтыр уолъагъу.

Псалъэм папщIэ, Ершовым игу хегъахъуэ XX лIэщIыгъуэм хэкум икIа кавказ къулыкъущIэхэм урыс хэхэсу залъытэжу зэрыщытам. А офицер хужьхэм революцэ плъыжьыр ирахужьэжу, Урысейм гуэт Кавказ хэку щхьэхуит зэфIагъэувэным щIэхъуэпсу я гъащIэр яхьащ. Апхуэдэ плъапIэ абыхэм ямыIэнкIи Iэмал иIэтэкъым, сыту жыпIэмэ «Шуудзэ шыщхьэмыгъазэм», Урысейм зэрыдекIуэкIым хуэдэурэ, зи хэкур езыгъэфIэкIуэну зи мурад гуп щызэфIэуват. Япэ дунейпсо зауэм хэта зауэлIхэм шэч къытрахьэртэкъым я лIыгъэм пащтыхьыгъуэм деж пщIэшхуэ къызэрыщилэжьам. Ауэ, тхыдэр апхуэдэу къекIэрэхъуэкIри, я хъуэпсапIэхэм теIэбэным и пIэкIэ, абыхэм я лъапсэхэр ябгынэн хуей хъуащ, псэупIэ яхуэхъуа къэралхэми, захъумэжын щхьэкIэ, кавказ зэгухьэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщащ. ГъэщIэгъуэнщ Ершов Виталий зытепсэлъыхь цIыху псори здэIэпхъуа щIыпIэхэм цIэрыIуэ зэрыщыхъуар, щхьэж мыхьэнэ зиIэ гъащIэ гъуэгу зэрыпхишар. Нобэрей лъэпкъ гъащIэр зытемыгушхуэф лъэбакъуэхэр а цIыху къызэрымыкIуэхэм хамэщIым щачыфам и закъуэкъым - зыхэпщIа хъуа хамэ псэукIэм щIэх щымыкIуэдыжын лъэужьи къыщигъэнэфащ: Хьэгъундокъуэ Едыдж, абы ипхъу Елмэсхъан, Намитокъуэ Айтэч, Куэцэ Пщымахуэ, нэгъуэщIхэми.

ГъэщIэгъуэнщ тхакIуэр урыс хэхэсхэм зэреплъри. Зи гугъу ищI офицер хужьхэм я пашэу щытахэм яз Деникин Антон щытепсэлъыхькIэ, Ершовым къыхегъэщ большевикхэр зылъагъу мыхъу генералым Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэдзэм дэIэпыкъун зэримыдар. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, дунейпсо зауэр иуха нэужь, Жуков Георгий, Рокоссовский Константин сымэ зи дзэпщ урыс армэр Европэм щытекIуэмэ, офицер хужьхэр иджыри гугъэрт абыхэм я фочыпэхэр большевикхэм хуагъазэу Урысейр хуит къащIыжыну.

Тхылъыр топсэлъыхь Кавказым икIахэр щытIыса къэралыщIэхэм зэрыкIуа щIыкIэм, абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуа IуэхущIапIэхэм, ахэр хуэм-хуэмурэ лъэ быдэкIэ зэрыувам. Адыгэхэм ятеухуа Iыхьэхэр щитхым, щIэныгъэлIыр нэхъыбэу зэчэнджэщари зи лэжьыгъэ къигъэсэбэпари адыгэ щIэныгъэлIхэмрэ журналистхэмрэщ. Ауэ урыс унэцIэ зезыхьэ Ершовым жиIэр и жьэм нэхъ хуабжьу къыжьэдоIукI, адыгэм и тхыдэр игъэщIэрэщIауэ зыми гурыщхъуэ къыхуимыщIу. Псалъэм папщIэ, Ершовым къегъэлъагъуэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэр. «Трабзон щыIэ урыс консульствэм лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм хэтыпщIэ щызыт адыгэхэм я бжыгъэр мелуани 4-м нэблагъэу къигъэлъэгъуащ 2002 гъэм. Къалэхэм Iэпхъуэн щIадза нэужь, Кавказым икIахэр зыщыпсэу къуажэхэм я бжыгъэр 700-м нэсыжат. 2000 гъэм Узун-Яйла щIыналъэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу къуажэ 74-рэ щыIэт, абыхэм ящыщу 45-р къэбэрдей, 15-р хьэтыкъуей, 9-р абазэ, 2-р абэзэхэ, 2-р шэшэн, 1-р осетин жылахэу. Анадолэ адыгэхэм я бжыгъэр иджыпсту мелуани 6-м щегъэжьауэ мелуан 12-м нэблагъэу къалъытэ. Иныкъуэхэм ику иту мелуани 8,5-рэ къраIуэ». Ар къыхощ «Кавказ Ищхъэрэм иIэпхъукIахэмрэ нобэрей Урысеймрэ: пщэдейм хуэгъэза лъэбакъуэ» Iыхьэм.

Ершовым итхым укъеджэмэ, шэч къытепхьэркъым Кавказым къинэну зи насып кърихьэкIахэри абы щхьэхуимыту иIэпхъукIахэри Урысейм и нэIэ щабэм щIэту дэни зэрыщытхъэм. Абы и щыхьэтщ хамэ къэрал хасэхэм я жэрдэмкIэ Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэр еджакIуэ, сабийхэр - зыгъэпсэхуакIуэ, благъэхэр - хьэщIапIэ къызэрыкIуэр. Тхылъым ущрохьэлIэ куэд щIауэ зи гъащIэ гъуэгур хэкум езыпхыжа ди лъэпкъэгъухэу Къумыкъу Мамдухь, Къандур Мухьэдин, Ансокъуэ Зульфикъар сымэ, нэгъуэщI куэдми я цIэхэм. Зэрыубыдыжын хьисэпкIэ адыгэхэм къагъэхъу Iэуэлъауэ псори тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуар Урысейм и фIыгъэрэ и дэIэпыкъуныгъэкIэ зэфIыхьа защIэущ. ТхакIуэр щотхъу илъэс къэс къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкI адыгэ фестивалхэм, я гугъу ещI Адыгэ ныпым, Щыгъуэ-ЩIэжым епха махуэхэмрэ къинэмыщI зэщIэхъееныгъэхэу къэралым дэлажьэ Адыгэ Хасэхэм ирагъэкIуэкIхэм. КIэщIу къызэщIэпкъуэжмэ, тхылъыр политикэр нэхъ зэбэкI, тхыдэми хуеплъэкI лэжьыгъэхэм я щапхъэщ. ТхакIуэм зи гугъу ищI псори бжьиз зырызу лъэпкъым зыIэригъэхьа насып мащIэу арами, мамырыгъэр уи Iэпэгъуу пчы зы лъэбакъуэр нэхъ лъапIэщ, пхъашэу уIэбэу ныбжь зыбжанэкIэ уикIуэтыжыным нэхърэ. Цым и кIуапIэмкIэ телъэщIыхьурэ тха Ершовым и тхылъым дигу къегъэкIыж псэлъэкIэ пщIэным IэштIымкIэ уэным нэхърэ нэхъ жыжьэ узэрынигъэсыр, нобэ лъэпкъыр зыхэпсэукI гъащIэ узыншэри а Iэмалыр зэрынэхъыфIым щыхьэт хуохъу.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# И лэжьэкIэм къыхуихьа пщIэ

**● ЩIэрыIуэхэр**

**<u>РСФСР-м щIыхь зиIэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ, театрымрэ киномрэ я актрисэ, роль куэд урысей киноми театр зэхуэмыдэхэми щызыгъэзэщIа, цIыхубз роль мынэхъыщхьэу ищIахэм ящыщу («Небеса обетованные», «Изображая жертву» лэжьыгъэхэм) нэхъыфIу къалъытахэм къыпэкIуэу «Ника» саугъэтыр тIэу къызрата бзылъхугъэ цIэрыIуэ Ахъуэджакlуэ Лие Мэжид и пхъур илъэс 80 ирикъуащ.</u>**

«АХЪУЭДЖАКIУЭ» адыгэ пщы лъэпкъым къыхэкIа хъыджэбз цIыкIур 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м Украинэм хыхьэ Днепропетровск къалэм къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуащ Адыгэ Республикэм и Мейкъуапэ къалэм. Абы и адэ-анэр гъуазджэм и лэжьакIуэт: и адэ Мэжид Сэлихь и къуэр Адыгэ драмэ театрым и къызэгъэпэщакIуэт икIи и режиссёр нэхъыщхьэт, и анэ Юлие Александр и пхъур а Iуэхущ IапIэм и актрисэт. Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Старые клячи» фильмым хэт зэадэзэпхъум я ролхэр зыгъэзэщIар Мэжидрэ Лиерэщ. Иужьрей илъэсхэм Лие и адэр нэф хъуауэ псэуащ. И анэ Юлие жьэн уз пкърытти, и щхьэгъусэри ицIэлат. Ахэр хьэлъэ щыхъум, Лие цIыкIу Сталиным письмо хуитхауэ щытащ, къыдэIэпыкъуну елъэIуу. Зыхуэгъэзам тхыгъэр Iэрыхьар фIэщщIыгъуейщ, ауэ хущхъуэ гъуэтыгъуейхэр къратат.

ГъущI цIуугъэнэхэмрэ дыщэмрэ ехьэлIауэ Москва дэт институтым 1956 гъэм Лие щIэтIысхьэри, зы илъэсрэ нкъуэкIэ щеджащ. ИтIанэ Луначарский А. В. и цIэр зезыхьэ ГИТИС-р къиухащ (1962 гъэм). 1961 гъэм щыщIэдзауэ Москва ТЮЗ-м щылэжьащ. «Современник» театрым 1977 гъэм щегъэжьауэ щыIащ. И япэ лэжьыгъэ нэхъ ин дыдэхэм щыщщ Виктюк Роман игъэувауэ щыта «Квартира Коломбины» спектаклыр. Режиссёрым Лие кърита зэуэ роль нэхъыщхьиплI.

Сценэм Ахъуэджакlуэм щигъэзэщIащ роль зэхуэмыдэ Iэджэ. И зэфIэкI псор утыку кърихьэн мурадкIэ, ар 1990 гъэхэм икухэм уней театрым кIуащ. Колядэ Николай и пьесэм къытращIыкIа «Персидская сирень» спектаклым (режиссёрыр Мильграм Борисщ) ехъулIэныгъэшхуэ иIауэ щытащ. Театрым щыщылэжьа илъэсхэм абы сценэм «къыщипсэуащ» образ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Драгунский Виктор и «Денисинские рассказы», Думбадзе Николай и «Я, бабушка, Илико и Илларион», Михалков Сергей и «Дорогой мальчик», Рощин Михаил и «Эшелон» пьесэхэм къытращIыкIахэр, нэгъуэщIхэри.

«Селестина» спектаклым 2012 гъэм щыджэгуу, Лие джалэри и Iэр икъутауэ, и дзажэри чауэ щытащ. Абы къыхэкIыу «Современник» театрым ар зыхэт спектакль псори гъэлъэгъуэныр зэпигъэуауэ, гастролхэри къигъэувыIауэ зэрыщытар. Ар щIыжытIэр Лие нэгъуэщIкIэ зэрыпхузэмыхъуэкIырщ.



1973 гъэм щыщIэдзауэ кином хэтщ Ахъуэджакlуэ Лие. Ар япэ зыхэта «Ищу человека» фильмым Варнэ, Локарнэ къалэхэм щекIуэкIа дунейпсо кинофестивалхэм саугъэтхэр къыщыхуагъэфэщащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Ирония судьбы, или С лёгким паром!» (Таня и ролыр), «Москва слезам не верит» (Ольгэ Павловнэ), «Гараж» (Малаевэ), «Сукины дети» (Нанайцевэ), «Странное Рождество» (Люся), нэгъуэщI Iэджи. ЖыпIэнурамэ, Ахъуэджакlуэм и лэжьыгъэр зэи зэпыуакъым, 1981 гъэм ар фильми 6-м хэтащ,1983, 1984, 1986 гъэхэм псоми лэжьыгъэ щырыщ щиIащ, 2007 гъэм - 5! Иужьрей ролыр абы «Кроткая» фильмым щигъэзэщIащ 2017 гъэм.

И роль нэхъыфIхэм ящыщщ «Двадцать дней без войны» фильмым щигъэзэщIа роль цIыкIур. ЦIыхубэм фIыуэ актрисэр щилъэгъуар, ар гукъинэж щыщыхъуар Рязанов Эльдар и фильмхэм щыджэгуа иужьщ. 1991 гъэм «Советский экран» журналым иригъэкIуэкIа IэIэтым ипкъ иткIэ, Ахъуэджакlуэр илъэсым и актрисэу къалъытат.

Лие хуэжыджэрщ жылагъуэ лэжьыгъэм, «Современник» театрым и труппэм хэтщ, зыми емыщхь и джэгукIэ гъэщIэгъуэнымкIэ цIыхухэм я гукъыдэжыр къиIэту.

Зэман зэхуэмыдэхэм ар я щхьэгъусэу щытащ Театр ЦIыкIум и актер Носик Валерий, сурэтыщI Кочейшвили Борис, 2001 гъэм Москва щыпсэу сурэттех Персиянинов Владимир дэкIуащ. Лие и илъэс 80-р, сыт щыгъуи хуэдэу, щэху цIыкIуу, и щхьэгъусэм щIыгъуу я дачэм щигъэлъэпIащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Лъэпкъ макъамэхэм я хъумакIуэ

**● Зэхыхьэхэр**



**<u>СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, утыку къыщрахьащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ и кафедрэм и доцент, пшынауэ цIэрыIуэ Лыджыдэ Алий и Iэдакъэ къыщIэкIа «Адыгская народная инструментальная музыка» тхылъым и япэ Iыхьэр. Нотэхэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэр бзищкIэ - адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ - дунейм къытехьащ.</u>**

ПШЫХЬЫР езыгъэкIуэкIа ЗэшэкIуий Оксанэ къыхигъэщащ Лыджыдэ Алий республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми зэрыщыцIэрыIуэр, егъэджэныгъэ Iуэхум къыдэкIуэу, щэнхабзэ проектхэми жыджэру зэрыхэтыр, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат зэрыхъуар, Урысейм и къалэ куэдым ехъулIэныгъэхэр иIэу концертхэр зэрыщитар. Лыджыдэм Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэм и джаз оркестрым щIыгъуу ит концертхэми яфIэфIу цIыху куэд йоплъ. Зэхыхьэм утыку къыщрахьа тхылъым и пэ Лыджыдэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Играйте, танцуйте» альбомыр. ЦIыхубэм фIыуэ ялъагъу пшынауэм роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIащ адыгэ узэщIакIуэ Къудащ Елбэздыкъуэ теухуа фильмым.

Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щIэныгъэлI куэдым ирагъэкIуэкIащ. Ди республикэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыпсэу, гъуазджэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, тхыдэм я лэжьакIуэхэми гъэщIэгъуэн ящыхъуащ Лыджыдэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Адыгская народная инструментальная музыка» тхылъыр. Абы пшынауэм лэжьыгъэ 15 хигъэхьащ.

Зэхыхьэм хэтащ икIи къыщыпсэлъащ лэжьыгъэм рецензэ хуэзытха, КъБР-м щэнхабзэмкIэ, щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, искусствоведенэм и доктор **Ащхъуэт Беслъэн**, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор, усакIуэ **ХьэIупэ ДжэбрэIил**, тхылъыр зыгъэдэха, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и профессор **Шэрыб Валерэ** сымэ.

Къэпсэлъахэм зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ абы пэрыт Лыджыдэм и лэжьыгъэм и пщIэр къалъытащ икIи къыхагъэщащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм, сабий музыкэ школхэм я еджакIуэхэм, студентхэм ар зэрахуэщхьэпэнур, къызэрыгуэкI цIыхухэм я дежкIи абы мыхьэнэ зэриIэр.

Пшыхь гуапэм зыкърезыгъэхьэлIахэм Лыджыдэ Алий лъэпкъ макъамэхэмрэ къафэжьхэмрэ яхуеуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Хамэ къэрал къикIыжахэр ирагъаджэ

**<u>КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщ къэралхэм къикIыжу Хэкум къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэр ди щIыналъэм изэгъэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ куэд ирегъэкIуэкI Дунейпсо Адыгэ Хасэм.</u>**

УФ-м и Президентым граждан жылагъуэм зиужьыным хуэунэтIауэ къыхилъхьа жэрдэмыр ДАХ-м хэтхэм жыджэру даIыгъащ икIи абы хухаха грантыр къахьащ. Абы и фIыгъэкIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и пщэрылъхэм ящыщ куэд зэфIихащ. Псалъэм папщIэ, хамэ къэрал къикIыжа ди цIыхухэр Урысейм, Кавказ Ищхъэрэм я тхыдэмрэ я щэнхабзэмрэ щагъэгъуэзащ, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ хурагъэджащ.

Хамэ къэрал къикIыжахэм мэлыжьыхь, накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазэхэм дерс купщIафIэхэр драгъэкIуэкIащ зи лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ егъэджакIуэхэм Адыгэбзэм и дахагъэм, абы и зэфIэкIыр гъэлъэгъуэным, и IэфIагъыр щIалэгъуалэм псэкIэ зыхегъэщIэным, бзэм адэкIи зегъэужьыным теухуауэ щытащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат Тэнащ Тамарэ и дерсхэр. Ди тхыдэми, щэнхабзэми, гъуазджэми, литературэми яхутепсэлъыхьащ Тэнащыр ди лъэпкъэгъухэм.

- УрысыбзэкIи адыгэбзэкIи хуиту псэлъэфу, я тхыбзэри пэлъэщу щытын папщIэ IэмалыфIхэр къыхузэрагъэпэщащ хамэ къэрал къикIыжахэм, - жиIащ урысыбзэм нэхъ тегъэщIауэ ди лъэпкъэгъухэм ядэлажьэ, КъБКъУ-м Егъэджэныгъэ политикэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэ Щоджэн Iэминат. - Урысыбзэр зэзыгъэщIэну къакIуэхэм ар яхузэфIэмыкIыным тегузэвыхьырти, нэхъыбэм ар хъарзынэу къайхъулIащ.

Хамэ къэрал къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм жаIащ яфIэфIу еджакIуэ къызэрыкIуэр. Абы къекIуалIэхэр я ныбжькIэ зэхуэдэкъым - абыхэм яхэтщ нэхъыжьыIуэхэри, щIалэгъуалэ куэди, сабийхэри. Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм дерсхэм къыщIаха щIэныгъэр IуэхущIапIэхэм, лэжьапIэхэм къызэрыщагъэсэбэпыфри. Псалъэм папщIэ, зэщхьэгъусэхэу Алаиддинхэ Мазенрэ Линэрэ телевиденэм щолажьэ. Абыхэм я псалъэхэм къыхагъэщащ адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ я бзэм зрагъэужьыну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну къызэрагъэпэща дерсхэр къазэрыхуэщхьэпар.

*Тхыгъэри сурэтри зейр*
**ТАБЫЩ Динарэщ.**



# ПщIыхьэпIэ дахэм хуэдэт




**<u>ФутболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатым и медалхэр зыIэрыхьэнухэр наIуэ хъуащ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар абыхэм яхэткъым, ауэ ар дыщIэпIейтеин Iуэхугъуэкъым.</u>**

МАЗЭ ипэкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зымыуба къэгъуэтыгъуейщ. Ар икIи щхьэусыгъуэншэтэкъым - дунейпсо чемпионатым зыщыхуагъэхьэзыра лъэхъэнэм абы хагъэхьа щIалэхэм гур щIэзыубыдэн гуэри дагъэлъэгъуакъым. Уеблэмэ иужьрей зэIущIиблым зыри хагъэщIэфакъым, я джэгукIэри мыхьэнэншэт. Хэт и гугъэнт футболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатыр къыщызэIуаха мэкъуауэгъуэм и 14-м щыщIэдзауэ, псоми зихъуэжу, пщIыхьэпIэ дахэм дыкъыхэхутэну?! Зэи къэхъуакъым иджырей ехъулIэныгъэм хуэдэ зыIэрызыгъэхьа командэ къыхэха Урысей Федерацэм нэхъапэм щиIа. ФИФА-м мазэ къэс зэхигъэувэ рейтингымкIэ ди къэралыр 74-нэ увыпIэм щыту зэхьэзэхуэм щIидзащ. Иджы дунейм щынэхъыфI команди 8-м дахыхьащ. Нэхъыбэжым ущыгугъыныр егъэлеиIуат.

ФутболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатыр ди къэралым зэрыщекIуэкIым ифI куэд къыдэкIащ. Къапщтэмэ, армырамэ апхуэдэ ехъулIэныгъэ топджэгум дызэрищимыIэнур хьэкът. Сыт щыгъуи изу щыта стадионхэм къыщызэхуэсахэм я нэхъыбэр, дауи, зыдэщIар хэгъэрейхэращ икIи ди футболистхэм нэгъуэщI зы хэкIыпIи яIэтэкъым, текIуэныгъэм щIэбэныну фIэкIа. Аращ дэрэжэгъуэ къахуэзыхьари.

Ди щIалэхэм испанхэр зэIущIэ нэужь пенальтихэмкIэ зэрыхагъэщIар зэрымыщIэкIэ къэхъуауэ жыпIэ хъунущ. Апхуэдэу щыт пэтми, адэкIэ кIуэтар дыдейхэращ. Иджыри Iэмал хьарзынэ къыкъуэкIат ехъулIэныгъэхэм къыпащэну. Сыти жыIи, финалым и Iыхьэ плIанэм никъуэкъуэгъу къащыхуэхъуа хорватхэр Германием, Бразилием, Аргентинэм е нэгъуэщI командэ лъэщхэм япэлъытыгъуейщ. Араци, бэнэныгъэм пыщэн, текIуэныгъэм ерыщу хущIэкъун хуейт. АбыкIэ Черчесов Станислав и гъэсэнхэм щIыхуэ къатенакъым.

Испанхэм зэрадэджэгуам хуэдэу аргуэру ди щIалэхэр, зыхъумэжыныгъэр я нэщэнэу, я хьэрхуэрэгъухэм япэщIэтыну хуэзыгъэфэщахэр щыуащ. Иджы Урысей Федерацэм и футболистхэм текIуэныгъэм и IэфIагъыр зыхащIат икIи абы къыпащэну япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ хущIэкъуащ. Хорватхэми я мурадыр арати, зэIущIэр дунейпсо зэпеуэм хуэфащэ дыдэ хъуащ.

Зым и ебгъэрыкIуэныгъэм адрейм къыпищэурэ, Сочэ и «Фыщт» стадионым къыщызэхуэса цIыху мин 44-м щIигъумрэ телевизоррэ интернеткIэ абы кIэлъыплъа бжыгъэншэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ. ЗэпэщIэтыныгъэ дахэр нэхъ гуащIэж ищIащ 31-нэ дакъикъэм Черышев Денис бжыгъэр къызэрызэIуихам. Испанием зыщызыгъэса икIи щыджэгу а щIалэщIэр топ димыгъэкIыу мы зэIущIэми къыхэкIыжакъым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысей Федерацэм мы чемпионатым щригъэкIуэкIа джэгугъуитхуми абы топ щыдигъэкIащ (Сауд Хьэрыпым - 2, Мысырым - 1, Уругвайм - езым и гъуэм 1, Испанием зэIущIэ нэужь пенальтикIэ - 1, Хорватием - 1). Денис и иужьрей топри дахэ дыдэт икIи хорватхэм я гъуащхьэтет Субашич абы къригъэгъэзэну, уеблэмэ, хущIэкъуакъым - гурыIуэгъуэт зыри зэрыхуемыщIэнур.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, текIуэныгъэр къахуэзыхь бжыгъэр ди щIалэхэм зэрахъумэфар дакъикъи 8 къудейщ. Крамарич зэхуэдэ ищIыжащ адэкIэ кIуэтэн папщIэ командэхэм я Iэмалхэр.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэри удэзыхьэх хъуа щхьэкIэ, зыри къыхэжаныкIыфакъым. Арати, аргуэрыжьу, таймитI, зэхэту сыхьэт никъуэ я кIыхьагъыу, къыщIагъуащ. Абы икухэм хорватхэм я гъуащхьэхъумэ Видэ и командэр япэ щригъэщам гур пыхуат, дыдейхэм Iуэхур зэрагъэзэкIуэжын къару ямыIэу къытщыхъури. Арщхьэкlэ Черчесовым и нобэрей гъэсэнхэр щхьэмыгъазэт икIи зэIущIэр иухыным дакъикъитху фIэкIа къэмынэжауэ ди гъуащхьэхъумэхэм я жэуапри хьэзыр хъуащ - Фернандес егъэрыкIуэхэм яхыхьэри, щхьэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ, Дзагоевым Iэзэу топыр къызэрыхитам и фIыгъэкIэ.

Аргуэру зэIущIэ нэужь пенальтихэр! Мыбы ипэкIэ, финалым и 1/8-нэ Iыхьэм, Урысей Федерацэми Хорватиеми я командэ къыхэхахэр адэкIэ зэрыкIуэтар абыхэм я фIыгъэкIэт, я гъуащхьэтетхэм фIы дыдэу зыкъызэкъуахри. Акинфеевымрэ Субашичрэ иджы хэт зи насыпыр текIуэнур? А упщIэм дакъикъэ зыбжанэм жэуап кърату нут.

Метр пщыкIузым и деж япэу бгъэдыхьащ Урысей Федерацэм иужь илъэситIым и футболист нэхъыфIу къалъыта Смолов Фёдор. Нэхъ Iэзэ дыдэхэм зэращIым хуэдэу ар гъуащхьэтетым ебзэджэкIыну хущIэкъуащ, гъуэм и курыкупсэмкIэ топыр иутIыпщри. Арщхьэкlэ апхуэдизу щабэу топым еуати, Субашич абы къылъэIэсыжри кърегъэгъэзащ. Хорватхэр занщIэу япэ ищащ.

Брозовичрэ Дзагоевымрэ я Iэмалхэр къагъэсэбэпащ.

Ковачич зэуа топыр плIанэпэ дыдэм кIуэ пэтми, Акинфеевым кърегъэгъэзащ. Арщхьэкlэ Фернандес ар псыхэкIуадэ ищIащ, гъуэм зы мащIэкIэ блигъэцIэфтри.

АдэкIэ хорватхэр япэ ищащ икIи я тепщэныгъэр зыIэщIагъэкIакъым. Абыхэм я Модрич, Видэ, Ракитич сымэ топхэр дагъэкIащ. Ди Игнашевичрэ Кузяевымри дагъуэншэт, ауэ... 4:3-м финалым и Iыхьэ никъуэм игъэкIуар Хорватием и командэ къыхэхаращ.

Медалхэм щIэбэнынухэм яхэхуакъым Бразилиер. Дуней псом тхуэнейрэ и чемпионхэр хагъэщIащ (2:1) апхуэдэ ехъулIэныгъэ зэи зимыIа Бельгием. Франджыр ефIэкIащ Уругвайм. Илъэс куэд хъуауэ яхузэфIэмыкIауэ инджылызхэр финал никъуэм нэсащ. Ахэр шведхэм ятекIуащ.

Нобэрэ пщэдейрэ зэхэтыну зэIущIэхэм ягъэбелджылынущ финалым щыджэгунухэр. Абы папщIэ Бельгиемрэ Франджымрэ зэпэщIэтынущ, Инджылызымрэ Хорватиемрэ зэникъуэкъунущ. Зэрынэрылъагъущи, футболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатым и медаль псори Европэм щыщ къэралыгъуэхэм зэхуагуэшыжынущ. Ахэращ финалым и Iыхьэ никъуэм нэсыфар. Апхуэдэ иужьу къыщыхъуар къэщIэжыгъуейщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**




**Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщI Иззэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленином и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**
**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**
**Индексыр 51531 ● Тираж 2.154 ● Заказ №698**